

Ospis ka ede



YON GID SWEN OSPIS

FULL-COLOR
LOGO HERE &
CHOOSE BORDER
SPOT COLOR

SAMPLE

Revize 2018. © 2013 pa Quality of Life Publishing Co.

Tout dwa rezève. Okenn pati nan bwochi sa a pa ka repwodwi san otorizasyon davans piblikatè a. Enprime nan Etazini Damerik.



Pibliye pa Quality of Life Publishing Co.
Naples, Florida

Quality of Life Publishing Co. se yon konpayi endepandan, ki gide pa misyon li ki se espesyalize nan piblikasyon de mak ki ede fasilite wout pou moun ki gen maladi grav ak fanmi yo. **Vizite www.QOLpublishing.com.**

KIJAN POU KÒMANDE KOPI DE MAK: Rele Quality of Life Publishing Co. pandan lè ouvrap regilye yo (Lè Lès) gratis nan 1-877-513-0099 oswa voye yon imèl bay info@QOLpublishing.com.

Entwodiksyon

Lè oumenm oswa yon moun ou renmen gen yon maladi ki limite lavi, li ka sanble tankou mond ou tèt anba. Ou ka santi w san rekou, pè, oswa poukont ou. Ki kote ou chèche èd? Ospis ka ede.

Swen sante jodi a souvan konsantre sou gerizon. Men, e si pa gen gerizon? Nan tan lontan yo te gendwa di ou: “Pa gen anyen ankò nou ka fè.” Avèk ospis, toujou *gen* plis ki ka fèt.

Ospis se swen konpasyone. Konsantre sou konfò. Swen ospis trete moun an antye. Pasyan yo ka fini lavi yo avèk konfò, onè, ak siyifikasyon. Se pou fè chak jou konte pi plis.

Bwochi sa a pral aprann ou plis sou swen ospis. Chwazi swen hospis ka youn nan chwa pi difisil ou dwe fè. Men, se yon chwa enpòtan pou eksplòre.

“Swen ospis la konsantre sou amelyore kalite lavi ki rete a. Ospis afime lavi. Li pa ni akselere ni retade lanmò.”

— Adapte dapre Deklarasyon Filozofik Òganizasyon Nasyonal Ospis pou Swen Palyatif

Kisa ospis la ye?

Swen ospis se yon kalite swen sante espesyal. Li satisfè bezwen yon pasyan ki pwòch fen lavi l. Tretman ki pwolonje lavi (tankou CPR, sond pou manje, oswa sipò lavi) pa itilize. Swen Ospis ofri:

- Tretman pou doulè, souf kout, konstipasyon, kè plen, ak lòt sentòm
- Medikaman, founiti, ak ekipman pou trete sentòm yo
- Sipò emosyonèl, espirityèl ak sosyal pou pasyan an
- Fòmasyon ak sipò pou moun kap bay swen yo
- Konsèy ak sipò chagren pou moun ki pwòch yo

Ospis swiv regleman strik pou yo ka resevwa fon nan men Medicare. Yo dwe genyen lisans eta a tou. Sa ede asire pasyan yo jwenn bon jan kalite swen.

Ekip Swen Ospis la

Swen ospis itilize yon apwòch ekip. Pasyan ak fanmi yo nan kè ekip la. Plan swen yo baze sou volonte yo. Manm fanmi yo souvan se moun kap bay swen prensipal yo.

Anplwaye ospis yo travay an ekip. Yo se ekspè ki resevwa fòmasyon nan konfò ak swen nan fen lavi. Ekip la sipòte pasyan an ak fanmi an.

- Doktè òdone swen ospis, òdone medikaman, epi trete pasyan yo. Yo gide plan swen an. Gen kèk pasyan ki chwazi tou pou enplike lòt doktè nan planifikasyon swen.
- NP yo (enfimyè pratikan) òdone medikaman, trete pasyan yo, epi gide plan swen an. NP yo ede doktè ospis la deside si pasyan an ka resevwa swen ospis apre 6 mwa.

- RN yo (enfimyè anrejistre) vizite pasyan yo pou asire bezwen swen sante yo satisfè. Yo ede konstwi plan swen an. Yo jere LPN yo ak asistan sante adomisil yo.
- LPN yo (enfimyè pratik ki gen lisans) vizite pasyan yo pou bay swen woutin. Yo kontwòle siy vital yo (tankou tanperati oswa tansyon), bay medikaman, chanje dòz yo si sa nesèsè, epi sèvi avèk ekipman yo. LPN yo ede fòme fanmi an pou bay swen.
- Asistan sante adomisil yo bay pasyan an swen ki pa medikal. Yo ede pasyan an manje, benyen, ak abiye. Èd yo ka montre fanmi an kijan pou yo ede nan travay sa yo san danje. Èd yo ka ede tou avèk kèk travay senp.
- Travayè sosyal yo bay pasyan an ak fanmi sipò konplè. Yo ka fè aranjman pou sipò emosyonèl, eksplike tretman, ede ak fòm legal, bay konsèy sou peman, fè aranjman pou sipò chagren, ak plis ankò.
- Chaplen yo bay sipò espirityèl ki baze sou kwayans pasyan an. Yo ka gide diskisyon sou lapèrèz, espwa, ak valè pasyan an. Chaplen yo koute san pote jijman. Oswa yo ka jis la pou bay sipò kalm, trankil.
- Volontè yo se manm kominote pasyan an. Yo resevwa fòmasyon sou fason pou pi byen sipòte pasyan yo. Yo ka rete avèk pasyan yo pou bay moun kap bay swen yo yon ti repo. Gen kèk ki ede avèk travay senp oswa fè komisyon. Yo ede tou ekip ospis la avèk lòt travay.
- Konseye, terapis, ak lòt ekspè yo ka rele yo jan sa nesèsè. Gen kèk ekip swen ki ka ofri masaj, bèt kay, atizay, oswa terapi mizik.

Kijan ospis travay

Ou panse ke ou menm oswa yon moun ou konnen ta ka pare pou ospis. Men sa ou dwe atann nan pifò ka. Ka w la ka diferan. Tanpri rele nou si w gen kesyon.

1. Referans — (“Referans” vle di “mande oswa sijere.”)

Nenpòt moun ka refere yon pasyan nan swen ospis. Pasyan an ka gen nenpòt maladi ki limite lavi. Pasyan an ka gen nenpòt laj. Pasyan, doktè, enfimyè, fanmi, oswa zanmi ka rele ospis.

Anplwaye ospis yo pale avèk doktè pasyan an pou asire pasyan an ka jwenn sèvis. Sèvis souvan kòmanse 1 oswa 2 jou apre referans. Plis yo refere yon pasyan bonè, plis ospis ka ede. Anpil fanmi di sèl regre yo sou ospis se ke yo pa te rele pi bonè.

2. Elijiblite — (“Elijib” vle di “kapab jwenn.”)

Doktè pasyan an ak doktè ospis la dwe dakò pasyan an gen yon maladi ki limite lavi. Yo dwe dakò pasyan an pral viv 6 mwa oswa mwens. Lè sa a, tou de doktè yo siyen yon fòm ki di pasyan an kapab jwenn sèvis.

Pasyan yo ka anile swen nenpòt ki lè. Swen yo ka anile tou si pasyan an vin pi byen. Pasyan yo ka kenbe swen ospis apre 6 mwa si doktè ospis la apwouve.

3. Peman Asirans, Medicare, ak Medicaid kouvri depans yo si pasyan an kalifye. Ospis ka toujou travay avèk pasyan ki bezwen swen men ki pa ka peye. Anplwaye ospis yo pral pale avèk ou sou peman nan ka w la.

4. Admisyon — (“Admisyon” se pwosesis pou kòmanse sèvis la.) Yon enfimyè ospis vizite pasyan an. Enfimyè a eksplike sèvis ospis yo. Yo pral tcheke pasyan an epi fè nòt sou sa pasyan an bezwen. Sa a se kòmansman plan swen an. Pasyan an siyen fòm yo pou aksepte sèvis.

5. Plan swen — Ekip ospis la bati yon plan swen.

Plan an baze sou bezwen ak volonte pasyan an. Sa ka chanje pi devan. Pifò pasyan resevwa swen ospis woutin. Anplwaye yo vizite pasyan an kèk fwa pa semèn. Yo bay swen kote pasyan an ap viv (lakay ou, yon mezon retrèt oswa lòt anviwònman). Anplwaye ospis yo pral:

- Plase ekipman jan sa nesèsè (tankou yon kabann lopital)
- Fòmè moun kap bay swen yo sou fason pou bay medikaman ak lòt swen
- Tcheke pasyan an epi ajiste medikaman si sa nesèsè
- Bay pasyan an ak fanmi an sipò emosyonèl, espirityèl ak lòt kalite sipò si sa nesèsè

Ospis la gen anplwaye ki disponib 24/7 pou pasyan ki bezwen plis swen. Si sentòm yo pa ka jere kote pasyan an ap viv la, yo ka pran swen yo nan yon sant ospis pasyan entènè, sant retrèt kalifye, oswa yon lopital.

Ospis ofri tou swen relèv. Sa a bay moun k ap bay swen yo yon ti repo (yon “relèv”) pou yon ti tan.

6. Lè moman an rive — Anplwaye ospis yo pral vizite nan moman lanmò a. Yo kapab:

- Konsole pwòch yo
- Bay konsèy sou sa ki ta dwe fèt avèk medikaman ki pa itilize yo
- Ede fanmi an prepare pou ponp finèb la vini
- Fè aranjman pou retire ekipman yo
- Bay pwòch yo sipò pou chagren apre lanmò a

**Tanpri rele nou si w gen kesyon sou ospis.
Nou la pou ou ak moun ki pwòch ou yo.**

OFRI PA

FULL-COLOR
LOGO HERE &
CHOOSE BORDER
SPOT COLOR

 (000) 000-0000

 (000) 000-0000

 info@domain.com

 www.website.com

 Street Address, City, State, Zip